



Yon leson pratik nan lavi reyèl pou angajman sivik

Chè fanmi ak kòlèg,

Avèk eleksyon 2024 kap apwoche semèn pwochèn lan, m ap reflechi sou siyifikasyon moman sa a pou lekòl ak elèv nou yo. Pandan politik nasyonal souvan gen konfli ak divizyon, eleksyon an bay tou yon opòtinite reyèl, an tan reyèl pou elèv nou yo temwen demokrasi—epi ni etidye, ni patisipe nan demokrasi ann aksyon.

Dènyèmman, mwen li [atik](#) sa a ki mete aksan sou fason salklas atravè peyi a ap anseye timoun yo kisa eleksyon ye (li prezante pwòp lekòl nou: East Bronx Academy for the Future!). Kounye a plis pase tout tan, li enpòtan pou nou anseye elèv nou yo konprann ak apresye pwosesis demokratik nou yo—pou fè distenksyon ant reyalite ak fiksyon, ansanm avèk angaje nan dyalòg respè menm lè gen dezakò.

Pou rezon sa a, mwen ekstrèmman fyè pou inisyativ angajman sivik nou an pou tout vil la, [Sivik pou tout moun](#). Depi lansman pwogram Sivik pou tout moun lan an 2019, nou pre-anrejistre epi anrejistre plis pase 85,000 nouvo votè. Nou bay tout lekòl segondè materyèl aktivasyon votè epi nou bay pwofesè nou yo [resous](#) pou pale sou eleksyon an ak lòt evènman aktyèl. Nan kòmansman mwa sa a, nou te òganize tou yon jounen aprantisaj nan tout vil la pou Ekip aktivasyon votè elèv nou an, ki gen 75 elèv segondè ki pral sèvi kòm anbasadè pou "sòti ale vote" nan kominote lekòl yo.

Kèlkeswa rezilta nenpòt eleksyon, mwen santi mwen konfyan elèv nou yo gen kapasite ak preparasyon pou yo lidè nan pwochen jenerasyon an. Mwen vle remèsye tout edikatè nou yo ak fanmi nou yo ki ap bay egzanp patisipasyon demokrasi aktif ki gen sans pou elèv nou yo.

Yon lòt bagay—jan mwen te fè konnen nan bilten nouvèl sa a semèn pase a, nou pral lanse yon PS + You revitalize apati mwa pwochen. Si w poko fè sa, tanpri [ba nou opinyon w](#), pou nou ka asire bilten nouvèl sa a montre bon travay k ap fèt nan kominote lekòl nou an.

Nan kolaborasyon,

Melissa Aviles-Ramos

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Pou tradiksyon, tanpri ale sou Paj [YouTube](#) nou an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).